№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;

**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);

**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI

**Kamalova G.M.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jaslar ustazı, "Shuhrat" medalı iyesi, dirijyor, muzıka dóretiwshi, Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı professorı, pedagog H.Rajabovtıń nama dóretiwshiligi sóz etilgen. Onıń dóretiwshiligindegi "Guli bodom", "Oh, oppoq kapalak", "Chorlov", "Ey dil" shıǵarmaları talqılanıp, olardıń jaratılıw tariyxı haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

**Gilt sózler:** orkestr, romans, vals, ayaq oyın, forma, kirisiw, tonallıq, ólshem, temp, ritm, poliritmik, akkord, solo, registr , tremolo, ad lebitum rubato, glissando, ritenuto, sinkopa, takt.

**Аннотация:** В данной статье рассматривается музыкальное творчество Х.Раджабова, Заслуженного наставника молодежи Республики Каракалпакстан, обладателя медали "Шухрат", дирижера, музыканта, профессора Нукусского филиала Государственной консерватории Узбекистана, педагога. Проанализированы его произведения "Гули бодом", "О, оппоқ капалак", "Чорлов" и "Эй дил", и представлена информация об истории их создания.

**Ключевые слова:** оркестр, романс, вальс, танец, форма, вступление, тональность, размер, темп, ритм, полиритмический, аккорд, соло, регистр, тремоло, ad lebitum rubato, глиссандо, ритенуто, синкопа, такт.

**Annotation:** This article discusses the musical works of H. Rajabov, Honored Youth Mentor of the Republic of Karakalpakstan, recipient of the "Shuhrat" medal, conductor, music composer, and professor of the Nukus branch of the Uzbekistan State Conservatory. His works "Guli bodom", "Oh, Oppoq kapalak", "Chorlov" and "Ey dil" are analyzed, and information about their creation dates is provided.

**Key words:** orchestra, romance, waltz, dance, form, introduction, tonality, measure, tempo, rhythm, polyrhythmic, chord, solo, register, tremolo, ad lebitum rubato, glissando, ritenuto, syncopa, measure.

**Kirisiw:** Házirgi dáwirdegi ózbek hám qaraqalpaq muzıka kórkem óneri kóp qırlı hám jańa jónelislerge bay. Onıń rawajlanıw jolında xızmet etip atırǵan pidayı insanlar da óz kásibiniń sheberleri. Ózbek hám qaraqalpaq kórkem óneriniń rawajlanıwına úles qosıp atırǵan ustaz, kórkem óner ǵayratkerlerinen biri

H.Rajabov sazendelik kásibinen kámalǵa kelip, dirijyor sıpatında elge tanılıp, birqansha muzıkalıq shıǵarmalar jaratıp xalqımızǵa inam etip kelmekte. Ol búgingi kúnge deyin 100 den aslam shıǵarmalar dóretti. Olar qaharmanımız dirijyorlıǵı astında Respublikamızda ótkeriletuǵın mámleketlik ilajlarda, “Sharq taronaları” muzıka festivalı hám basqa da tańlawlarda orkestr menen atqarılıp atır. Ásirese, Samarqandtaǵı “Sharq taronaları” festivalına orkestrdiń qatnasıwı pútkil jáhán xalıqları itibarın ózine tarttı.

Hámmemizge belgili, orkestrdiń atqarıw dástúrleri hár túrli. Onda ózbek xalıq hám milliy muzıkası, ózbek nama dóretiwshileri hám kompozitorları shıǵarmaları, shıǵıs hám batıs muzıkaları keń orın alǵan. H.Rajabov ta usı dástúrler tiykarında orkestr atqarıwında dóretiwshilik etip, arnawlı albom shıǵardı. Sonday-aq orkestr óz dóretiwshiligi menen Ózbekstan Respublika radiosınıń “Altın fondı”n bayıtıwda, Respublika televideniesinde sáwbet koncertler shólkemlestiriwde belsene qatnasıp, ótkerilip atırǵan dóretiwshilik kesheleri arqalı xalqımızdıń alǵısına miyasar bolıp atır.

**Tiykarǵı bólim:** Hikmat Rajbovtıń 30 dan aslam túrli janrlarda dóretilgen shıǵarmaları Respublika radiosınıń “Altın fondı” nan orın alǵan. Ózbekstan xalıq shayırı X.Xudoyberdieva sózi menen “Aytolmadim”, Farida Afruzdıń “O‘zbekiston o‘zimniki”, Muxiba Sayyid Xasan qızı jazǵan “Onajonim qaydasiz?”, “Oh, oppoq kapalak”, shayır Zoxidjon Obidovtıń “Bahor kelib”, kamer orkestri ushın “Hayrat” romansı, orkestr ushın jazılǵan “Vals”, O‘ktam Mirzayor sózi menen “Barkamol avlod”, Oygul Suyundiqova sózi menen “Mustaqillik maydoni” sıyaqlı qosıqlar usılar qatarınan.

H.Rajabov 1980-81-jıllardan baslap dóretiwshilik penen shuǵıllana baslaydı. Onıń eń dáslepki dóretken shıǵarması 1980-jılda qashqar rubabı ushın “Guli bodom” bolıp, onda báhár máwsiminiń ájayıplıǵı, onıń janǵa jaǵımlı, erke samalı ózgeshe únlesiwler menen sáwlelendirip berilgen. Shıǵarmanıń bulay atalıwınıń sebebi qaharmanımızdıń jeńgesine bul shıǵarma unap qalıp, onı solay atawdı usınıs etken. Keyin ala, bul shıǵarmaǵa ataqlı baletmeyster, Ózbekstan xalıq artisti Qunduz Mirkarimova “Buxoracha” ayaq oyının shólkemlestirgen [2: 63]. Bul shıǵarma úsh bólimli formada jazılǵan bolıp, kirisiw menen baslanadı. Kirisiw teması qashqar rubabında berilip, orkestrde tremolo uslap turıladı. Bunda atqarıwshınıń sheberligin kórsetiw maqsetinde metrsiz, ad lebitum rubato yaǵnıy atqarıwshınıń qálewi boyınsha atqarıladı.



Birinshi bólim e-moll tonallıǵında 6/8 ólsheminde, moderato contabile tempinde jazılǵan. Bunda dáslepki 6 takt birinshi bólimge kirisiw bolıp, onda birinshi notalardan-aq glissando arqalı akkordlar sheberlik penen berilip, sońı sol akkordlar orkestrde qaytalanadı.




Birinshi bólimde dáslep tema soloda sońı orkestrde ótedi. Bólim dawamında eki taktli motiv hárbir temadan sońı qaytalanıp turadı.



Ekinshi gápinde ólshem ¾ ke ózgerip, sońı jáne 2 taktlik motiv 6/8 ólsheminde beriledi. Sońı usı gáp tremolo kórinisinde ótedi.




Ekinshi bólim allegro tempinde bolıp, birinshi bólim elementlerinen dúzilgen. Bul bólim de 4 taktli kirisiw menen baslanadı.



Úshinshi repriza bólimi aldında soloda treller menen ritenuto arqalı tema beriledi.




Shıǵarma juwmaǵında dáslepki bólimdegi tema tákirarlanıp, tiykarǵı tonallıqta juwmaqlanadı.

“Oh, oppoq kapalak” qosıǵı dawıs hám xalıq saz ásbapları orkestri ushın Muxiba Sayyid Xasan qızı tekstine jazılǵan. Shıǵarma vals xarakterinde jeńil hám janlı tárizde atqarıladı. Qosıqtıń avtorı gúlden-gúlge qonıwshı názik gúbelekti óz muhabbatın izlep atırǵan insanǵa megzeydi. Nama dóretiwshi bul dóretpeni dawıs kólemi sonday joqarı bolǵan, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti, professor Muyassar Razzaqovaǵa arnaydı. Sebebi bul qosıq atqarıwshıdan úlken sheberlikti talap etedi [3: 11].

Shıǵarmanı nama dóretiwshi súwretlew ushın registr boyawlarınan, dawıs partiyasındaǵı birdey ritmikalıq usıllardan sheberlik penen paydalanǵan. Nama bir tegis, áste-aqırınlıq penen joqarǵı perdelerge háreketlenedi. Bunda dirijyor orkestrge de, atqarıwshılarǵa da sinkopalı ritmlerdi óz waqtında kórsetip beriwge dıqqat awdarǵan. Úsh úlesli ólshem namanıń úzliksiz háreketleniwin támiyinleydi. Dawıs partiyası seslerdiń tegis háreketine, sozımlıqlardıń bir-birine jeńil ótiwine tiykarlanıp rawajlanǵan. Muzıkalıq temanıń rawajlanıwında dástúriy qosıqlarǵa tán bolǵan bayan etiw stili tańlanǵan.

Shıǵarma vals tempinde, ¾ ólsheminde, a-moll tonallıǵında dóretilgen. Ol ápiwayı eki bólimli formada jazılıp, keń kirisiw menen baslanıp, orkestrde tolıq atqarıladı.



Birinshi bólimde tarlı ásbaplar toparı qosılıp, baylanıstırıw bóliminde demli ásbaplar melizmler járdeminde atqarıladı.




Ekinshi bólimde dawıs diapazonı ele de keńeyedi hám kulminaciyaǵa alıp keledi. Bunda orkestrde barlıq ásbaplar qatnasadı.

Orkestrdegi háwij glissandolar menen atqarılıp, soloda dawıstı dáslep terciya, soń kvartaǵa hám sekstaǵa kóteriw arqalı júdá jaǵımlı dóretilgen.




Shıǵarma tiykarǵı tonallıqta tamamlanıp, soloda dawıstı háwijge kóterip joqarı kóteriw menen juwmaqlanadı.

"Chorlov" shıǵarması solistler hám xalıq saz ásbapları orkestri quramı ushın jazılǵan. Qosıq teksti S.Vohidov qálemine tiyisli bolıp, onda eki súygen insannıń bir-birine talpınıwı, jaqsı niyetleri sáwlelenedi. Shıǵarma lirikalıq xarakterde bolıp, bunda seslerdiń tegis háreketi, poliritmik ózgesheliklerge iye bolǵan ritmik dúzilisler, orta registrden áste-aqırın joqarı perdelerge háreketleniw arqalı rawajlanǵan. Shıǵarmanıń kórkem jańlawında orkestrdiń wazıypası úlken.

Dawıs partiyaları atqarılǵanda, orkestr partiyası onıń menen birge unison túrinde atqarıladı. Vokal partiyalarında orkestr birinshi orınǵa shıǵadı hám naqıratlar arasında baylanıstırıwshı áhmiyetke iye bolǵan ájayıp muzıkalıq motivlerdi atqaradı. Joqarı registrlerge iye bolǵan saz ásbaplar dawıs partiyasın

birgelikte atqarsa, tómengi registrdegi saz ásbaplar akkompanement wazıypasın atqaradı. Shıǵarmanı atqarıwda qosıqshılardan ansambl bolıp atqarıwǵa, namanıń melodiyalıq tegisligine, milliy ırǵaq hám melizmlerdi shıraylı atqarıwǵa kóbirek itibar qaratıwdı talap etedi. Háwij perdelerinde bálent seslerdi tuwrı hám anıq uslap turıw kerek.

Dirijyor orkestr partiyası tárepinen milliy atqarıw stiline itibar qaratıwı lazım [3: 15].

Shıǵırma d-moll tonallıǵında, 6/8 ólsheminde, andante tempinde jazılǵan. Ol ápiwayı eki bólimli bolıp, birinshi bólim kirisiw menen baslanadı.




Birinshi bólimdi solist qız, birinshi oktavada baslap beredi, soń ekinshi gápte solist jigit dawam etedi.




Ekinshi bólimge ótiwde de kirisiw bolıp, bul ótiw háwijge alıp keledi.




Bólimdi solist jigit baslaydı, soń soraw juwap formasında qız benen almasadı.



Shıǵarmada jigit hám qızdıń muhabbat sezimleri ashıp beriledi. Bul dóretpeniń sońı júdá jaǵımlı bolıp tiykarǵı tonallıqta, jigit hám qızdıń jıllı sezimlerin sáwlelendiriw menen joqarı notada juwmaqlanadı.




“Ey dil” shıǵarması girjek hám ózbek xalıq sazları orkestri ushın jazılǵan. Bul shıǵarma sheber sazende I.Ilhomovqa arnalǵan. Dóretpe áste-aqırın, awır xarakterde, e-moll tonallıǵında, quramalı úsh bólimli formada jazılǵan. Solo partiyası seslerdiń tegis háreketine, olardıń basqıshpa-basqısh joqarıǵa qaray háreketine tiykarlanadı. Ekinshi bóliminde bul baǵıt bálent perdelerdiń atqarılıwı menen bayıtıladı. Forshlag, melizmler, glissandolardıń qollanılıwı namanıń milliy, jeńil hám janlı jańlawın támiyinleydi. Ekinshi bólimniń ózi apiwayı eki bólimli formada jazılıp, onıń ekinshi bóliminde seslerdiń áste-aqırın tómenge tiykarǵı bálentlikke qaytıwına xızmet etedi. Repriza dinamikalıq bolıp, baslanǵısh seslerdi tákirarlaydı. Sazende namanı tegis baǵdarlawda, melizmlerdiń anıq hám tásirsheń jańlawına itibar beriwi lazım. Shıǵarmanıń tolıq, mazmunlı jańlawında orkestr partiyası ayrıqsha áhmiyetke iye. Ol akkordlı hám arpedjiolı atqarıwǵa tiykarlanıp muzıkalıq temanı alıp baradı, bayıtadı hám solo partiyasına akkompanement bolıp xızmet etedi. Solo hám orkestr birlesiwine erisiw ushın dirijyor solo partiyasınıń orkestr menen baylanısına namanıń baǵıtına, tembr ózgesheliklerine dıqqat awdaradı [3: 18].

Dóretpe andante tempinde, 2/4 ólshemde jazılıp, birinshi bólim qısqa kirisiw menen baslanadı.



Birinshi bólimde girjekte solo berilip, orkestrde tarlı tartqıshlı ásbaplar belsene qatnasqan. Bunda melizmler arqalı sazendeniń sheberligi ayqın sáwlelengen.




Ekinshi bólimge ótiw aldında orkestrde baylanıstırıwshı eki takt qollanılǵan.




Ekinshi bólimde tema ele de joqarı registrlerde sáwlelenip, kewil názikligin súwretleydi. Bunda orkestr de, solo da qatnasadı.




Shıǵarma tiykarǵı tonallıqta tamamlanıp, birinshi bólimdi ózgerissiz tákirarlaydı.

**Juwmaq:** Juwmaqlap aytqanda, Hikmat Rajabovtıń qálemine tiyisli bolǵan shıǵarmaların talqılaw barısında biz olardıń júrekke jaqın, xalıq namaların eske salıwshı, insannıń sezimlerin ashıp beriwshi ruwxta jazılǵanlıǵınıń gúwası boldıq. Bul shıǵarmalardı talqılawımızdan maqset atqarıwshıǵa járdem ushın shıǵarmanıń tolıq mazmunın, xarakterin, atqarıw imkaniyatlarına itibar beriw kerek ekenligin názerde tuttıq. Nama dóretiwshi bunday ájayıp dóretpeleri menen keń jámiyetshilikke belgili hám óz ıqlasbentlerine iye desek qátelespeymiz.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Kamalova G.M. Hikmat Rajabov. Monografiya. – Nókis. 2025
2. Barnayeva N. Boxoroi sharifning ardoqli farzandi. Monografiya. –Toshkent. Musiqa nashriyoti. 2020.
3. Rajabov H. Orkestr sinfi. O‘quv qo‘llanma. –Toshkent. Navro’z nashriyoti. 2019.
4. Rajabov H. Rubob darsligi darslig. O‘quv qo‘llanma. – Nukus. Fan ziyosi nashriyoti. 2023.
5. Rajabov H. Maxsus cholg‘u o‘quv qo‘llanma. –Toshkent. 2022.
6. H.Rajabov. Qoraqalpoq musiqa san’atining rivojlanishida xalq cholg‘ulari orkestrining o‘rni. Monografiya. –Toshkent. Fan ziyosi nashriyoti. 2022.
7. Kamalova GM. KÓRKEM ÓNER TARAWÍNDA ÁDEBIYATLARDÍŃ TUTQAN ORNÍ. Лучшие интеллектуальные исследования. 2024 Mar 12;16(2):296-9.
8. Kamalova, G. "JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ “POPURRI” SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI." *Вестник музыки и искусства* 1.4 (2024): 52-57.

9. Kamalova, G., and G. Dauletbaeva. "DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI." *Вестник музыки и искусства* 1.4 (2024): 89-94.
10. Gulmaryam, Kamalova, and Ko‘zibayeva Mahinur Hamroyevna. "MARKAZIY OSIYO MAMLAKATLARIDA XOR SAN’ATINING RIVOJLANISHI." *Международный журнал теории новейших научных исследований* 2.9 (2024): 96-99.
11. Gulmaryam, Kamalova, and Dáuletyarova Ǵaziynexan. "SHOMANAY RAYONI JUMABAY JIRAW BAZAROV ATINDAǴI 13-SANLI BALALAR MUZIKA HÁM KÓRKEM ÓNER MEKTEBI." *ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ* 47.6 (2024): 75-78.

**MAZMUNÍ**

**MUZÍKATANÍW**


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


**KÓRKEM ÓNER**


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRINIŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida**)** | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

***Ilimiy-metodikalıq jurnal***